Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 44 (6624) 29 октябрь 2018 с. Итни Сафар 1440 с. Багьа 5 гъур.



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Хасалиде хIадурлъи: лъайкьеялъул, сахлъи цIуниялъул идарабазда, нухазул магIишаталда...

### «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи тIобитIана

**23 октябралда тIобитIана муниципалитеталъул администрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна ЖКХялъул объектал, нухазул магIишат, электро энергиялдалъун хьезариялъул идараби хасалил шартIазде хIадурлъиялъул суал.**

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. Данделъиялда гIахьаллъана росабазул поселениязул бутIрул, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, райадминистрациялъул аппаратальул хIалтIухъаби.



Данделъиялда гьоркьоб лъураб суалалда хурхун доклад гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас, тIасан кIалъана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спортаьлъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов ва цогидалги.

«Хасалил шартIазде хIадурлъи учреждениязда ва гIуцIабазда ахиралде щолеб буго, лъайкьеялъул учреждениязда котельниязул хал гьабуна. Сахлъи цIуниялъул учреждениязда рукъзал хинлъизарулел руго. Росабазул поселениязул администрацияз лъикIаланго хIалтIи гьабун буго лъим бачарал рогIрал къачIаялъе. Шагьранухазда унел руго ремонталъулал хIалтIаби»,-ян абуна Малик Маликовас.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас киналго ахIана тIадчIун хIалтIизе, хасалил шартIазде хIадурлъи хехлъизабизе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## 184 чиясе хъулухъ, 170 гектаралда рекьи, гIолилазул ишал...

### Маданияб ва лъайкьеялъул суалал гьоркьор лъуна Бакълъулазул районалда

**22 октябралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана маданиял, лъайкьеялъул ва муниципалиталъул хIаракатчилъиялъул цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи. Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул хIалтIухъабаз ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана плановияб хал гьаби. Лъайкьеялъул учреждениязда байбихьун буго дарсал кьолел кабинетал хинлъизаризе.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул вакилзаби.

Данделъи рагьана ва бачана Гумбет районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабунин 184 чиясе. Филиалалде къабул гьарулел руго ракьул участкабазул хъвай-хъвагIаялъе документал, гьединго гIадамал батIи-батIиял хъулухъал гьарун мурадалде щвезарулел руго.

Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас бицана хаслихълъиялъулаб рагъулаб хъулухъалде ахIи кин унеб бугебали, медицинаялъул хал



гьабиялде ва врачазулаб комиссиялде киналго призывникал рачIине ккеялъул.

Районалъул командабазда гьоркьор унел руго «Лига Гумбета» мини-футболалъул къецал. Бакълъулазул гIолилазул централъул хIалтIухъаби уна росабалъе, бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабула гIолилазда гьоркьоб, бицуна экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялъул, наркоманиялъул зараламалъул. Гьединал баянал кьуна ва гIолеб гIелалъе культурияб хъулухъ гьабиялъул суал борхана гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

Районалде газ бачиналъул хIалтIи иналъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ бицана бакIал раялъул ва архитектураялъул бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас.

Экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас абуна: « Хъутабазда рекьулел руго хаслихъе культураби. Гьанжеялде 170 гектаралда хьана хьон районалъул СПКяз. Планалде босун буго жеги 450 гектаралда хаслихъе культураби рекьизе».

Лъайкьеялъул учреждениял рачIун руго хасалил заманалде. КIиго школалъ гIахьаллъи гьабулеб буго «Нусго школа» абураб республикаялъулаб программаялда. Балеб буго ЦIияб Аргъвани росулъ 250 цIалдохъанасе бакI бугеб гьоркьохъеб школалъе мина. Лъайкьеялъул бутIаялда бугеб хIалалъул информациягун кIалъазе вахъана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов.

Районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас бицана культураялъул учрежденияз районалъул ва республикаялъул тадбиразда жигараб гIахьаллъи гьабулеб букIиналъул. Районалъул бетIерасул коррупциялда данде къеркьеялъул рахъалъ кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас тIадчIей гьабуна пачалихъиял учреждениязул хIалтIи киназего загьираблъун букIине ккеялда.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна. Ахиралда муниципалитеталда хIалтIи лъикI гIуцIиялде ралагьарал чIван къотIарал рихьизариял кьуна.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Школалъе ремонталъе- республикаялъул бюджеталдаса 1 млн 764 гъурущ

-2 гьум.



КIиго цадахъ гьарурал лъималазулги гьезул улбузулги данделъи

-2 гьум.



Нилъер умумуца, кьураби гIанлъун, МагIаруллъиялъе рагьараб гордо

- 3 гьум.



В Гумбетовском районе провели единый день уплаты налогов

-4 стр.

**Масала, гIакъилас гIадан теларо,**
**Тушман вугониги, гIадада хвезе.**

Инхоса ПалиI-хIажи



КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ …

## Рахьдал мацI - халкъалъул ракIги, къисматги, къадруги

### Дагъистаналъул маданияталъул ва мацIазул къоялъ ХIамзат ГIизудинов гIахьаллъана школлъималазулгун дандчIваялда

**Дагъистаналъул хъвадарухъабазул къокъа Гьудуллъиялъул рокъор дандчIвана МахIачхъалаялъул школлъималгун. ЦIалдохъабазда цее кIалъазе яхъана Дагъистаналъул халкъияй шагIир, дарги мацIалда бахъулеб «Лачен» журналалъул редактор Аминат ГIабдулманапова, «Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудинов, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул секретарь, лезгиязул литератураялъул секциялъул нухмалъулев Владин Батманов ва цогидалги.**

Дагъистаналъул маданияталъул ва мацIазул къоялъул тадбиралда гIахьаллъаразда гьединго баркана ДРялъул «Гьудуллъиялъул рукъ» ГБУялъул директорасул тIоцевесев заместитель Георгий Гаруновас, МахIачхъалаялъул администрациялъул лъайкьеялъул управлениялъул специалист Рукъият АбакархIажиевалъ, «Рахьдал мацIазда аудиотIахьал» проекталъул нухмалъулей Мадина Ибрагьимовалъ.

Нилъер республикаялда 21 октябрь лъазабун буго байрамкъолъун-Дагъистаналъул маданияталъул ва мацIазул къолъун. Гьеб къоялъ республикаялда



тIоритIула байрамалда хурхун гIемерал тадбирал. Дагъистан Республикаялъул миллияб политикаялъул министерствоялъул хIаракаталдалъун хъвана МугIрузул улкаялъул рахьдал мацIазда тоталияб диктант, Гьудуллъиялъул рокъоб тIобитIана МахIачхъалаялъул школазул цIалдохъабазулгун дандчIваял, гIумруялде рахьинарулел руго проектал ва программаби.

«Вохарав вуго гьаб тадбиралда гIахьаллъизе рес щвеялдаса. ТIадегIанаб художественнияб даражаялда рекIехъе цIалана лъималаз Дагъистаналъул шагIиразул асарал. КIудияб асар гьабуна гIолеб гIелалъул тIахьаздехун бугеб рокьиялъ. Гьарула киналго лъималазе талихIаб букIинесеб, бетIералда тIад ракълилаб зоб! Хьул буго нилъер улкаялъул мацIал ва маданият цIунизе ва церетIезе рукIиналда, унго-унгояб къуват халкъалъулъ буго»,-ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

ДандчIваялъул ахиралда тадбиралда гIахьаллъаразе кьуна «Дагъистаналъул маданияталъул ва мацIазул къоялда хурхун тадбир тIобитIиялъе квербакъиялъе гIоло» баркалаялъул кагътал.

**«Гумбет» РИО**

## Налогал гIужда ва тIуранго ракIари - жавабчилъиялда

### Налогал ракIари хехлъизабиялъул суал гьоркьоб лъуна Бакълъулазул районалда

**23 октябралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана налогал ракIариялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьенир гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, Малик Маликов, Россиялъул Федералияб налоговияб хъулухъалъул районазда гьоркьосеб №12 инспекциялъул Гумбеталда бугеб отделалъул кIудияй Асият ГIумарахъаева, росабазул администрациязул бутIрул, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги.**

Бакълъулазул районалда налогал ракIариялъул буге ахIвал-хIалалъул бицун кIалъазе яхъана Гумбет рай-



оналда бугеб налоговияб хъулухъалъул районазда гьоркьосеб №12 инспекциялъул кIудияй Асият ГIумарахъаева. Гьелъ абуна районалда налогал ракIари лъик1 гIуцIун бугин, амма налогазул щибаб тайпаялъул планал тIуразариялде кIвар кьезе кколин. Буголъиялъул, транспорталъул ва ракьул налогазул налъи тIад бугел гIадамал гIемер ругилан.

Гумбет районалъул администрациялъ росабазул бутIрузде хитIаб гьабуна налогал ракIари хехлъизабизе кумек гьабеян.

**«Гумбет» РИО**

ШКОЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Школалъе ремонталъе - республикаялъул бюджеталдаса 1 млн 764 гъурущ

### МелъелтIа аслияб школалъе ремонт гьабулеб буго «Нусго школа» программаялда рекъон

**Бакълъулазул районалъул администрациялда 24 октябралда тIобитIана муниципалитеталъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевасул, «Нусго школа» программаялда рекъон МелъелтIа аслияб школалъе капитали-**



**яб ремонт гьабизе инвестор хIисабалда гIахьаллъизе бокьараб «“Гамма” компаниязул къокъа» ООО-ялъул генералияв директор ХIамид МухIамадовасулгун дандчIвай.**

ДандчIваялда гьединго гIахьаллъана муниципалитеталъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ специалист ХIажимурад АхIмаднабиев ва районалъул администрациялъул цогидалги хIалтIухъаби.

ГIаммаб лъайкьеялъул гIуцIабазда шартIал лъикIлъизариялде балагьараб проект «Нусго школа» Бакълъулазул районалда гIумруялде бахъинабиялде буссараб, МелъелтIа ООШалъул минаялъе капиталияб ремонт гьабиялъул документал конкурсалъул шартIазде данде кколел ратана. Республикаялъул бюджеталдаса бачIана проект тIубазабиялъе 1 млн 764 азарго гъурущ субсидия (проекталъул 80%), меценатас биччан буго проекталъул 15 % ва бакIалъулаб бюджеталдаса 5%.

ХIажимурад АхIмаднабиевас кIалъаялда бихьизабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда ва меценатасда гьоркьоб къотIикъай хъвазе кколин ремонталъулал хIалтIаби тIоритIизе. Гьелда рихьизаризе кколин хIалтIаби гьариялъул болжал. Проекталъулгун сметаялъул документациялда рекъон, мухIканго тIуразе кколин ремонталъулал хIалтIаби, гьезул качество СНиПазда, ГОСТалда данде ккезе кколин.

«Проект «Нусго школа» хIадурун буго Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасул хIаракаталда. ГIаммаб лъайкьеялъул гIуцIиялъул материалиябгун техническияб хIал лъикIлъизабиялъе гIоло, проект бергьенлъиялда гIумруялде бахъинабизе ккола»,-ян абуна меценат ХIамид МухIамадовас.

Рехсараб школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадовагун меценат школалде щвана, гьабизе бугеб хIалтIуда хурхарал суалазул хал гьабуна ва моцIил болжалалда гьениб ремонт лъугIизабизе рагIи кьуна.

**«Гумбет» РИО**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



Щабдухъ росу

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## КIиго цадахъ гьарурал лъималазулги гьезул улбузулги данделъи

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиялъул Гумбеталъул централда рохалилаб ахIва-хIалалда тIобитIана кIиго цадахъ гьарурал лъималазулги гьезул улбузулги данделъи.**

Гьеб тадбир гIуцIун букIана централияб библиотечнияб системаялъул лъималазулгун гIолилазул отделалъул нухмалъулей ПатIимат ХIусеновалъул, библиотекарал ГIазра Исубилаевалъул ва Раисат УхIумагIалиевалъул хIаракаталдалъун. Гьенире къабул гьарун рукIана МелъелтIа росулъа кIигьарурал улбул Хадижат Идрисова, Сакинат Астимирова, Мадинат МухIамадова, ГIайшат ИсхIакъова ва цогидалги. Цадахъ рачIана лъималги.

Тадбир рагьана ва бачана библиотекарь ГIазра Исубилаевалъ. Улбузул ва гьезул лъималазул цIаралда баркиялъулал кIалъаял гьаруна Бакълъулазул районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, МелъелтIа «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъ, МелъелтIа аслияб школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадовалъ, МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъ ва цогидазги.

ГIицIго баркиялда ва гьара-рахьиязда гIей гьабичIо гьеб къоялъ. Цере рахъана МелъелтIа лъималазул искуствалъул школалъул «ГIисинал магIарулал» ансамблялъул кьурдухъаби. Улбузе сайгъат гьабураб кечI цIалана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Макка Ахкубеговалъ.

КIиго цадахъ гьарурал лъималазе ва улбузе кьуна ракIалде щвеялъул сайгъатал.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# Нилъер умумуца, кьураби гIанлъун, МагIаруллъиялъе рагьараб гордо

### Бузна: «гIумрудул нухдаса» сапаралъул очерк

**Араб анкьалъул ахиралда Дагъистаналъул къалмил устарзабазда, жамгIиял хIаракатчагIазда ва ишалъулал гIадамазда цадахъ «Гумбет» басмаялъул вакиласги сапар бухьана умумузго бахъараб Бузнасан нух цIигьабулеб бакIалде. Гьеб машгьураб тарихияб нух чIаго гьабизе байбихьана 2014 соналда. ЧIикIаса Авар ва ГIанди гIорал журалеб бакIалде щвезегIан бугеб 30 километралъул 17 гьабун лъугIун бугилан бицана нухда хIалтIулез. Дагъистаниязе цIакъ хIажатаб гьеб нух лъугIи бараб буго гIадамазул сахавалъиялда, кьолеб садакъаялда. Ваамма, Бузна нух бахъи ва гьениб хъил тIей пачалихъалъ тIаде босулеб букIарабани, гьеб кьелаан халкъалъул ургъел гьабилъун ва Дагъистан цебетIезабиялъе квербакъулеб ишлъун, хIужалъун.**



### Свераби дагьаб, къокъаб...

Нухал рахъи ккола бокьараб улкаракь цебетIеялъе чара гьечIеб жо. НекIсияб Рималъул къуват, шавкат бергьана, саламатал ва гIатIидал, гIурулханаз ва ганчIаз рокьарал нухал рукIиналдалъунги.

Бузна нух цIигьабизе лъугьарал хIаракатчагIазда гьоркьов бищунго жигарав ккола Болъихъ росулъа бакIал ралев чи, жамагIатчи МухIамадкамил Дибиров (нухлуе квербакъизе бокьарал гIадамал гьесухъе кIалъазе бегьула гьаб номералда: 8928-595-29-76). Гьесул бижана тIоцебе пикру АхIулгохIда гьоркьан нух бахъиялъули. Араб гIасруялъул ахиралдаго гьеб суал гьес дандбан букIун буго диниял церехъабазда, Кьохъа СултIанмухIамадхIажиясда ва цоги гIалимзабазда. Гьезул изнуялдалъун, байбихьана къокъаб, санагIатаб нух АхIулгохIда гьоркьан гьабизе, гIешдерил рохьаздасан ругел халатал ва авариял гIемерал сверабаздасан хьвадизе ккечIо бащдаб миллионгIан магIарулал. Чанги гIумру хвасарлъана, нухда холеб цIатари ва заман дагьлъана, республикаялъул экономикаялъе кIудияб пайда ккана.

Гьединабго кIудияб кIваралъул хIалтIи ккола Бузнасан нух цIигьабиги. Гьеб нухлул 30 километр бахъулеб буго чIикIасезул, ахакьезул, хьаранисезул ва гендерил ракьалдасан. Цебе нух Ишкартисан Темир-Хан-Шурабе (гьанжесеб Буйнакск) унеб букIараб батани, гьанже, эхедерегIелал ккечIого рукIине, битIахъе ЧIикIабе бахъулеб буго. ЧIикIаб ГЭСалъул ралъдал рагIал чIван, гьабулеб буго гьеб нух. Дибировас абуна, квешал свераби гьечIого, кIудиял эхедерегIелал течIого, бигьаго транспорт хьвадулеб куцалда шагьра гьаби бугин жидер мурадилан.

Нухал гьари ккола пачалихъияб кIваралъул иш. Байкалалъулгун Амуралъул нух (БАМ) бахъана, тIубараб улкаго хIалтIун. ГIемерал сонал уна, гьединал чIахIиял проектал гIумруялде рахьинарулаго. Халатаб манзил гьечIониги, захIматаб буго Бузнасан нух цIигьабулеб бакI. Гьенир руго мугIрул, согIал кьураби, гIорал… Щибаб метр гьаниб цIакъ хираго чIола. Бульдозерал, экскаваторал, грейдерал, КамАЗал ва цоги техника къойил хIалтIизе ккани, хIажалъула гIемерал тоннаби солляркаялъул, цIатариялъул. Гьелда тIадеги, хIалтIухъабазе кьезе ккола харж, квен, гIуцIизе ккола мадарал шартIал. Гьеб кинабго хIаракаталъул гьир баччулеб буго щуябго соналъ гIадатиял гIадамаз, нилъеца садакъаде кьурал гьурщаз. Цебесеб нухалда гьанире щведал, «Миллат» ва «Гумбет» басмабазул вакилзабазда Дибировас абун букIана гIемерисеб техника «ЧиркейГЭСстрой» гIуцIиялъул бетIерлъун вукIарав, бакълъулазул мухъалъул ЦIиликьа МухIидин МухIидиновас кьунилан. Гьединал рес бугел гIадамазда кIвелаан жеги цIикIкIун кверчIвай гьабизе гьаб баракатаб иш цебетIеялъе.

### «Билълъунеб садакъа»

ГIалимзабаз, дибирзабаз нилъее баян гьабула нух бахъиялъул бугеб кIудияб даража, Аллагьасда цебе гьеб хIалтIухъ букIунеб тIадегIанлъи ва кири. Инсан хун хадубги гьесие пайдаялъе батулеб «билълъунеб садакъалъун» («садакъатул жарият») ккола нухда гьабураб хIалтIи, гьеб ишалъе риччарал сурсатал, гьабураб кверчIвай. Гьединлъидалин Дагъистаналъул Муфтияталъ бачIинахъего Бузнасан нух цIигьабун рагьиялъул рахъккураб ва гьеб хIаракаталъе кидагосеб кверчIвай гьабулеб бугеб. Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад Апандиясул хитIабалъухъ гIинтIамун, гIемерал гIадамаз садакъа кьуна Бузна нух къачIаялъе. Шагьаразул, мухъазул ва росабазул имамзабаз вагIзаби гьаруна, гьеб баракатаб ишалъе хIалкIвараб кумек гьабеян. Нухлуе квербакъиялъулъ хасго кIудияб гIахьаллъи гьабуна магIарулаз гIумру гьабулеб 15 районалъ. Гьанже, хIалтIул 70 процент рагIалде бахъиндал, байбихьараб иш лъугIизабизеги тавпикъ кьеги нилъее. Амин.

ГIадада гуро нилъер халкъалъул аби бугеб жамагIаталъул газа кьурдаги рекIунилан. Нилъер умумузул газа Бузна кьурда рекIун буго, гьездасан мисал босун, гьезул нух ккун, нилъги унел руго.

### «Гендерил тоннель бахъизе биччараб гIарцухъ дица Гьарадирихъе маххул нух лъелаан»

ГIетI тIун гьабураб хIалтIул хIасил бихьизе бокьула гIадамазе. Амма дунялалда чанги иш гIадада ккана, щибго пайда босичIого, заманалъул хIурги тIад щущан. ЦIадаса ХIамзатица хьвана гIурдада тIад лъураб кьоялъул, цIулал гьабураб гIарадаялъул ва цоги чIалгIаде ккарал ишазул, проектазул хIакъалъулъ. Мунагьал чураяв Сугъралъа ХIамзат ХIамзатовас цIакъ гIемерал пайдаял, нахъе хутIулел ишал гьаруна. Амма гьесул хIаракаталдалъун бахъараб ТIаса Жунгут – ГIаймаки нухалдаса гIадамаз пайда босулеб гьечIо. Гьенисан цоники нухалъ арав чи ватани, нижехъе кIалъазе бокьилаан. Гьал мухъазул автор ун вукIана гьенисан цо нухалда. ГIатIидаб шагьра буго, амма эхедерегIелал гIемер ругоан. Божарав вуго Бузнасан нух бахъун рагIалде щведал (иншааллагь), гьеб киданиги чIобого хутIиларилан. Пайда щиб, доб нухде рехарал сурсатал гьанир хIалтIизаризе рукIаралани, цебего бигьаяб ва квегIенаб шагьра букIинаан МагIарухъе.

МухIамадкамил Дибировасулгун гьединго хабар ккана Гендерил тоннелалда нилъер пачалихъалъ хвезабурабщинаб гIарцулги. Бахъун лъугIараб тоннелъ кьачIазецин 10 миллиард гьурущ биччана хIукуматалъ. Гьединаб бюджет букIарабани, кин ва кигIан заманалде дуца Бузнасан нух лъугIизабилаанилан абураб суалалъе Дибировас гьадинаб жаваб кьуна: «Гендерил тоннелалъе биччараб гIанасеб гIарцухъ дица МахIачхъалаялдаса Гьарадирихъ росулъе маххул нух лъолаан», – илан. ХIакъикъаталдаги хIукумат буго гIемераз бечIчIулеб ва захIматго гурони шура-хьуризе бажарулареб жо. Бузнасан нухалъул цохIо проект бахъаралъухъ унаан миллионал. Гьел киналго харжалги гьаричIого, жинцаго мухьцин босичIого, гьеб умумузул нух цIигьабулев вуго Дибиров. Гьесие хIалае чIун вуго Дагъистаналъул ХIукуматалъул нухмалъулесул тIоцевесев заместительлъун хIалтIарав, вацIцIалъиялъул рахъалъ гIадамазда лъалев Гьонодаса Набиюла МухIамадовги цоги хIаракатчагIиги.



### Щобал кIкIалабахъе цун...

Бузнасан нух бахъиялъул хIакъалъулъ къасидат хьвана XX къарнуялъул авалада шагIир, гIалим, философ Игьалиса Чупалас. Гьеб нух буго магIарулазул тарихалъулъе ва адабияталъулъе араб шагьра. РакIалда буго лъимерлъуда кIудаинсуца ва кIудаэбелалъ гьеб нухлул къисаби рицунел рукIараб куц. Къалмиде босизе мустахIикъаб гIемер бице-кицен буго гьеб шагьраялда сверухъ.

Исанасеб 2018 соналъул хасалихъе, октябрь моцIалъул бакъулъ Бузна нух цIигьабулеб бакIалде щвана Дагъистаналъул Хьвадарухъабазул цолъиялъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадов, жамгIияв хIаракатчи, Шамил имамасул хIакъалъулъ хьварал ва цоги анцIанцI тIахьазул автор, Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад ХIамзаев, Дагъистаналъул мустахIикъав артист ХирамухIамад ХирамухIамадов ва цогидалги. Нухда гьабулеб бугеб хIалтIул бицине гьеб кьоялъ гьенире щвана жамгIиял хIаракатчагIи МухIамадкамил Дибиров ва Набиюла МухIамадов.

Бузнасан бахъулеб бугеб нухлул бакъулъ кIудиял хIалтIаби гьарун руго. 8-12 метралъул гIеблъиялъул шагьра бахъун буго. ГIанди ва Авар гIорал журалеб бакIалде щвезе 4-5 километр хутIун бугилан бицана Дибировас. Гьенир руго чIахIиял, согIал кьураби. Гьел кьвагьизариялъул хIалтIабиги жеги цере руго.

Нухлул рагIалда буго цересел соназ щалали лъазе кIвечIел чагIаз бухIараб кIудияб экскаваторалъул хутIелги. Микьго миллион гъурщил багьаяб техника букIун буго гьеб. Кумекни гьабиларин, зарал гьабулелги камулел гьечIо цо-цо.

Гьанже аслияб къуват рехун буго ЧIикIаса Бузна колоде щвезегIан нух бахъиялде. Гьенир руго гьоркьохъел кIкIалал ва щобал. Бульдозераз ва экскаваторaз щобал кIкIалабазда жанире цун, битIараб шагьра гьабулеб буго гьениб.

Бузнасан нух бахъун лъугIидал, гьеб пачалихъалъ къаймимлъиялде, балансалде босиялда ракIчIун бугоан МухIамадкамил Дибировасул. Нухде хъил тIей гIемераб гIарац биччалеб ва гьеб иш гьабулезе хайираб жо бугилан абуна. Авар гIоралдасан жидеца кьо лъезе бугилан рагIи кьурал гIадамалги руго. Гьанже хутIун буго жамагIаталъул газа жеги таваккалалда ва кьуваталда кьурабалъ кьабизе… Цинги нилъее щвела битIараб, къокъаб, гIазу-цIер гIемер чIолареб, санагIатаб, умумузулго букIараб бакIалдасан бахъараб, тарихияб Бузнасан нух. Тавпикъ кьеги, квер рекIаги, баракат лъеги!

Бузна нухде щведал, тIирщарал дагьалго мухъалги кьолел руго макъалаялъул ахиралда.

### Дица Бузна нухда гали тIамуна...

Дица Бузна нухда гали тIамуна –
Нилъер тарихалде нуцIа кьирана.
Щумал рорженхъулел кьураби хьвалхьун,
МагIарухъе каву ричIана гьаниб.
Дунялго хIайранаб Сулахьалъул кIкIал,
Хьудулел гIораца рорлъарал мугIрул…
Нилъер умумуца, кьураби гIанлъун,
МагIаруллъиялъе рагьараб гордо.
Гьанисан къокъана аза-азар чи,
Чуязда, оцазда къайигун гьакал.
МагIаруллъиялъул рекIелъе би кьун,
ХIалтIулеб букIана нух бидурихълъун.
Гьанисан унаго, цере паркъула
КъвакIарал, лебалал нилъер умумул.
Сардилъ богол къватIлъун кьурул сиртазда
Бузнасан нух буго цебе тIибитIун.
НекIсиял нухлулаз хIалхьи гьабизе
Рорхарал минаби – чIвадназде сверун.
Гьезул чIунтелазда тIаде къулидал,
Цебесеб чIаголъи бачIуна цебе.
Бузна – умумузул къеркьеялъул нугI,
Бузна – гьунаралъе эхетараб си,
РекIкIарал ганчIазул гьарурал къадал
Жакъаги рихьула нухлул рагIалда.

**ГIизудинил ХIамзат**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Прокуратурой района внесено представление в адрес главного врача ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ»

**Прокуратурой района в ходе проверки по обращению Асадулаева А.М. выявлены нарушения действующего законодательства, допущенные при оказании последнему медицинской помощи и предоставлении ему мер социальной поддержки.**

Так, в соответствии со ст. 6.1 Федерального закона от 17 июля 1999 г. N 178-ФЗ «О государственной социальной помощи» (далее - Федеральный закон от 17 июля 1999 г. N 178-ФЗ).право на получение государственной социальной помощи в виде набора социальных услуг имеют указанные в ней категории граждан, в том числе инвалиды.

В состав набора социальных услуг включается согласно п. 1.1 ч. 1 ст. 6.2 названного федерального закона предоставление при наличии медицинских показаний путевки на санаторно-курортное лечение, осуществляемое в целях профилактики основных заболеваний, в санаторно-курортные организации, определенные в соответствии с законодательством Российской Федерации о контрактной системе в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения государственных и муниципальных нужд.

В силу ч. 5 ст. 6.3 Федерального закона от 17 июля 1999 г. N 178-ФЗ порядок предоставления гражданам социальных услуг устанавливается федеральным органом исполнительной власти, осуществляющим функции по выработке и реализации государственной политики и нормативно-правовому регулированию в сфере труда и социальной защиты населения, и федеральным органом исполнительной власти, осуществляющим функции по выработке и реализации государственной политики и нормативно-правовому регулированию в сфере здравоохранения.

Приказом Министерства здравоохранения Российской Федерации от 15 декабря 2014 г. N 834н утверждена форма справки - форма N 070/у «Справка для получения путевки на санаторно-курортное лечение», действующая с 9 марта 2015 г.

Этим же приказом утвержден Порядок заполнения учетной формы N 070/у «Справка для получения путевки на санаторно-курортное лечение» (далее – Порядок).

Проверкой же установлено, что в нарушение вышеуказанных требований закона, врачом ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ» Магомедовым Х.З. по заявлению Асадулаева А.М. выдавались справки, заполненные с нарушением Порядка и не соответствующие форме, утвержденной названным приказом.

Кроме того, проверкой установлено, что врачом ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ» Магомедовым Х.З. необоснованно отказано Асадулаеву А.М. в выписывании рецепта лекарственного препарата «Диабетон», ссылаясь на отсутствие лекарства в аптеке.

Указанные действия привели к нарушению гарантированных Конституцией РФ прав Асадулаева А.М. на охрану здоровья, а также нарушено его право на получение мер социальной поддержки, предусмотренное Федеральным законом от 17 июля 1999 г. N 178-ФЗ «О государственной социальной помощи».

По результатам рассмотрения обращения, в целях устранения выявленных нарушений и привлечения виновных лиц к ответственности, прокурором в адрес главного врача ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ» внесено представление.

**М.Р.Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района,**
**старший советник юстиции,**

## Автозаправочные станции осуществляют деятельность без лицензии

**Прокуратурой района проведена проверка исполнения законодательства о пожарной безопасности и лицензировании деятельности на АГЗС, расположенных на территории района.**

Проведенной проверкой установлено, что на АГЗС «Меркурий», с. Чирката, ИП Курамагомедова А.С. и АГЗС «Инхо» ИП Юнусов А.Г., с. Н.Инхо Гумбетовского района допускаются ряд существенных нарушений действующего законодательства, сопряженные с угрозой возникновения пожара и создающие реальную угрозу для жизни и здоровья граждан.

Предпринимательская деятельность на АГЗС осуществляли в нарушение требований ст. 20 и 37 действующего законодательства о пожарной безопасности и приказа МЧС РФ от 18.06.2003 № 313 «Об утверждении Правил пожарной безопасности в Российской Федерации 01-03» (далее - ППБ 01-03) изданного во исполнение указанного Закона. А также с нарушением требований п. 1 статьи 9 Федерального закона от 21.07.1997 N 116-ФЗ «О промышленной безопасности опасных производственных объектов», т.е. эксплуатировали взрывопожароопасные объекты без специальной лицензии.

По результатам проверки прокурором района направлены исковые заявления в суд с требованиями обязать индивидуальных предпринимателей обеспечить выполнение мероприятий по пожарной безопасности на АГЗС и принять решение о приостановлении деятельности АГЗС до получения лицензии на осуществление деятельности по эксплуатации взрывоопасных производственных объектов.

**М.Р.Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района,**
**старший советник юстиции,**

## Изменения в законодательстве об оружии

С 16 января 2019 г. вступят в действие изменения, внесенные в Федеральный закон от 13.12.1996 № 150-ФЗ «Об оружии». Изменения затронули покупку-продажу патронов, а также самостоятельного снаряжения патронов к гражданскому огнестрельному длинноствольному оружию и спортивного огнестрельного длинноствольного оружия, и реализации материалов для самостоятельного снаряжения патронов.

Законом регламентировано, что продажа и передача инициирующих и воспламеняющих веществ и материалов (пороха, капсюлей) для самостоятельного снаряжения патронов лицам, не имеющим разрешения на хранение и ношение гражданского огнестрельного оружия запрещена.

Устанавливается необходимость вести учет приобретаемых и продаваемых оружия, патронов, а также материалов для самостоятельного снаряжения патронов и хранить данную документацию в течение 10 лет.

Обращаю внимание, что граждане, впервые приобретающие гражданское огнестрельное длинноствольное оружие и спортивное огнестрельное длинноствольное оружие при изучении правил безопасного обращения с оружием и приобретении навыков безопасного обращения с оружием, должны пройти обучение безопасному самостоятельному снаряжению патронов к гражданскому огнестрельному оружию.

**М.Р.Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района,**
**старший советник юстиции,**

## В Гумбетовском районе провели единый день уплаты налогов

**24 октября 2018 года в рамках намеченного Правительством Республики Дагестан мероприятия «Единый день уплаты налогов» в Гумбетовском районе во всех сельских поселениях были организованы пункты приема налогов через почтовые отделения и электронные сервисы.**

Для оказания практической помощи при выплате налогов и проведения разъяснительной работы с населением, по поручению главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова, были созданы рабочие группы, состоящие из работников органов местного самоуправления, налоговой инспекции, судебных приставов и участковых уполномоченных полиции.

Рабочие группы провели рейдовые подворные обходы должников в наиболее крупных населенных пунктах Гумбетовского района: в селениях Мехельта, Игали, Новое Аргвани, Чирката, Нижнее Инхо и Верхнее Инхо.

Рабочая группа провела разъяснительную работу с должниками о важности своевременной оплаты налогов, а также организовала уплату налогов в администрациях вышеперечисленных сельских поселений через систему «Сбербанк-онлайн».

«В результате рейдовых мероприятий 123 должниками района погашена задолженность по имущественным налогам на сумму 198,1 тыс. рублей», – рассказала старшая по ТОРМу МРИ ФНС РФ №12 по РД Асият Умаракаева.

«В соответствии с поставленными руководством Республики Дагестан задачами по эффективному выстраиванию работы по обеспечению налоговых сборов Единый день уплаты налогов в Гумбетовском районе провели на высоком уровне, и такие мероприятия нужно проводить периодически», – отметил заместитель главы администрации МР «Гумбетовский район» Малик Маликов.

**РИО «Гумбет»**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Проводится отбор кандидатов, подлежащих призыву на военную службу, для направления на подготовку по военно - учетным специальностям (водитель категории - «С») в образовательных учреждениях РО ДОСААФ России РД, с последующей отправкой в армию.**

Требования к кандидатам:
- наличие аттестата о сдаче ЕГЭ (11 кл.);
- годные по состоянию здоровья;
- отсутствие судимости в том числе и у близких родственников;
- желание учится;
- возраст 20 лет и выше.

По вопросам поступления, отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов тел. (8-279)-2-13-02

**Арсен Магомедов,**
**военный комиссар**
**Казбековского и**
**Гумбетовского районов**

ЗИГАРА

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго «ВатIан» ансамблялъул нухмалъулев ГIали МухIамадгIалиевасда эбел МагIазат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хваралъе ахират лъикIаб кьун батаги, нахъе ругезул гIумру халалъаги.

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбетазул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.